दिन—शुक्रवार दिनांक—17.04.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

केन्द्र सरकार नारी शक्ति अधिनियम सँ संबंधित एक सय छठम संवैधानिक संशोधन अधिनियम, दू हजार तेईस कँ अधिसूचित कऽ देल गेल अछि। दू हजार तेईस मे संसद एहि अधिनियम कँ पारित कयने छल जे संघीय ढांचाक सभ स्तर पर महिला सभक समान प्रतिनिधित्व कँ आगू बढेबाक दिस एकटा ऐतिहासिक डेग अछि। एहि अधिनियम कँ अंतर्गत लोकसभा आ राज्य विधानसभा सभ मे महिला सभक लेल एक तिहाई सीट आरक्षित कयल गेल अछि।

---

लोकसभा मे आइ एक सय एकतीसवां संशोधन विधेयक दू हजार छब्बीस, परिसीमन विधेयक, दू हजार छब्बीस आओर केन्द्रशासित प्रदेश कानून संशोधन विधेयक, दू हजार छब्बीस पर चर्चा भऽ रहल अछि। एहि तीनू विधेयकक उद्‌देश्य लोकसभा आओर राज्य तथा केन्द्रशासित प्रदेशक विधानसभा सभ मे महिला सभक भागीदारी बढेबाक अछि। **तीनू विधेयक पर आब किछुए काल बाद मतदान होयत।** चर्चाक शुरूआत करैत डीएमके सांसद के. कनिमोझी विधेयकक विरोध करैत केन्द्र दिस सँ दू हजार तेईस मे पारित महिला आरक्षण कानून के काल्हि राति अधिसूचित करबा पर प्रश्न उठौलनि। कांग्रेस सांसद शशि थरूर कहलनि जे देश महिला आरक्षण के पक्ष मे सहमतीक बहुत लगीच ठाढ अछि।

---

जदयू सांसद संजय झा आकाशवाणी समाचार सँ विशेष गपशप मे कहलनि जे महिला सभक लेल एक तिहाई आरक्षण प्रदान करब बहुत विलंब सँ आयल आओर एकरा सर्वसम्मति सँ भेटबाक चाही।

---

उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी कहलनि जे जदयू अध्यक्ष नीतीश कुमार महिला सभ कँ आरक्षण दऽ कऽ मुख्य धारा मे अनबाक शुरूआत कयने छलाह। श्री चौधरी पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे कहलनि जे केन्द्र सरकार सेहो लोकसभा आओर विधानसभा सभ मे महिला सभ कँ तैंतीस प्रतिशत आरक्षणक प्रावधान कऽ रहल अछि। एहि मे सभ पार्टी कँ समर्थन करबाक चाही।

---

पटना मे आइ नारी शक्ति वंदन थीम पर आधारित नारी शक्ति फॉर विकसित भारत दौड़क आयोजन कयल गेल। ई दौड़ युवा कार्य आओर खेल मंत्रालय आ माई भारत के सहयोग सँ आयोजित कयल गेल। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी जे.पी गंगा पथ सँ दौड़ के रवाना कयलनि। एहि अवसर पर श्री चौधरी कहलनि जे नारी शक्ति वंदन अधिनियम सँ संसद आओर राज्य विधानसभा सभ मे महिला सभक भागीदारी बढ़त। एहि मे पूर्व खेल मंत्री श्रेयसी सिंह आओर लगभग चारि हजार महिला तथा छात्रा सभ भाग लेलनि।

---

हरिवंश नारायण सिंह लगातार तेसर बेर राज्यसभाक उपसभापति चुनल गेलाह। राज्यसभाक उपसभापतिक पद नओ अप्रैल कँ समाप्त होयबाक बाद रिक्त भऽ गेल छल। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू पूर्व मुख्य न्यायाधीश रंजन गगोई के सेवानिवृत सँ रिक्त भेल एहि पदक लेल श्री हरिवंश के मनोनीत कयने छलाह। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी श्री हरिवंश के बधाई दैत कहलनि जे हुनक कतेको बरखक अनुभव आइ सदन के लेल पूर्ण ढंग सँ प्रमाणित भऽ गेल अछि। राज्यसभा मे विपक्षक नेता मल्लिकार्जुन खड़गे सेहो श्री हरिवंश कँ बधाई देलनि। ओ आशा व्यक्त करैत कहलनि जे उपसभापति विपक्षक हित के ध्यान मे रखताह आओर सदन मे हुनका सभ कँ पर्याप्त समय आवंटित करताह।

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आइ सचिवालय सँ भारतक जनगणना–दू हजार सत्ताईसक ऑनलाइन शुभारंभ कयलनि। एहि अवसर पर मुख्यमंत्री राज्यवासी सभ सँ जनगणनाक प्रक्रिया मे सक्रिय आओर उत्साहपूर्ण भागीदारी सुनिश्चित करबाक आह्वाहन कयलनि। श्री चौधरी कहलनि जे जनगणना सुशासनक आधारशिला अछि, जे अगामी बरख मे विकास

योजना, नीति आओर कल्याणकारी कार्यक्रम सभक निर्माण मे महत्वपूर्ण भूमिका निमाहत। ओ कहलनि जे राज्य मे जनगणनाक प्रथम चरण मे मकान सूचीकरण आ मकान सभक गणनाक काज दू मई सँ एकतीस मई धरि कयल जायत।

---

चेतना समिति पटनाक द्वारा आइ **महेन्द्र मलंगिया : तीन एकांकी–तीन रंग** कार्यक्रमक अंतर्गत तीन गोट नाटकक मंचन कयल जा रहल अछि। जाहि मे पहिल नाटक भंगिमा पटना द्वारा भाषणक दोकान, दोसर नाटक मिसकम, पटना द्वारा गोनूक गबाह आ तेसर नाटक अरिपन पटना द्वारा एकटा बतही आयल छलै। नाटकक मंचन विद्यापति भवन पटना मे आइ सांझ छओ बजे सँ भऽ रहल अछि।

---

समाप्त भेल।